



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 15 desanm 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REZILTA KI SOTI NAN DÈNYE SERI ENSPEKSYON CHEMENDEFÈ LWIL BRIT**

### ***Enspektè NYSDOT, FRA yo te dekouvri anpil domaj sekirite piblik***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse achèyman dènye seri enspeksyon machin tank lwil brit ak tren, sa ki te revele 100 domaj, sa ki gen ladan uit domaj sekirite enpòtan ki mande aksyon imedyat. Enspeksyon yo se te dènye pati nan pouse Gouvènè a pou pwoteje Nouyòkè yo kont danje potansyèl ki asosye avèk transpòtasyon lwil brit pa konpayi tren machandiz yo. Ekip federal ak eta te egzamine 704 machin tank lwil brit e apeprè 95 kilomèt pis nan enspeksyon sa yo.

“Nou te voye ekip enspeksyon pou verifye pis ray ak machin tren lwil brit yo nan New York e nap kontinye jwenn domaj sekirite enpòtan ki mete Nouyòkè yo nan risk,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nou pral rete vijilan e nou pral kontinye itilize tout resous disponib yo pou asire ke transpòtè lwil brit yo reponn a nòm sekirite ki pi elve.”

Nan madi 9 desanm, ekip enspeksyon yo ki soti nan Depatman Transpòtasyon Eta New York (NYSDOT) ak Administrasyon Federal Chemendefè (FRA) te fè kontwòl pis ak kamyon sitèn lwil brit nan CSX Kòporasyon - ki apateni a Frontier Rail Yard nan Buffalo ak Dunkirk Rail Yard nan konte Chautauqua, ak Canadian Pacific Railway-ki apateni Kenwood Rail Yard nan Albany. Enspektè yo te egzamine tou pis prensipal CSX ant Schenectady ak Selkirk ak pis liy prensipal CP ant Albany ak Whiteball, e ant Plattsburgh ak fwontyè Canadyen.

Enspeksyon yo te santre sou pis la, materyèl pis la ak sekirite mekanik ekipman machin sitèn yo, enkli wou ak fren. Ekip la te reyalize tou yon enspeksyon materyèl danjere pou garanti ekipman yo reponn ak regleman, san bliye vav, fèmtyèl vav ak afich ak viyèt ki bay detay sou kago ki pral ekspedye a. Yo te verifye tou enspeksyon machin sitèn ak dat tès presyon yo. Yon fren ki fann, fren machin tren ki ize ak boulon ki manke oswa desere te pami domaj yo te idantifye yo.

Komisyonè NYSDOT Joan McDonald te deklare, “NYSDOT pral kontinye travay avèk FRA pou asire transpò lwil brit fèt ansekirite nan Eta New York. Pwoblèm nou te jwenn yo te pwouve efò Gouvènè Cuomo pou ogmante enspeksyon yo ap travay pou detekte pwoblèm yo epi ede redwi risk transpòtè lwil brit nan Eta New York.”

## **Enspeksyon chemendefè**

### **Enspeksyon Pis Liy Prensipal CSX – Schenectady a Selkirk**

Enspektè pis NYSDOT ak FRA yo te egzamine apeprè 15 kilomèt pis ak twa bouton nan liy prensipal CSX apati Schenectady a Selkirk. Enspektè yo te jwenn yon bouton kabil andomaje ki mande yon rediksyon vitès. Enspektè yo te jwenn tou kat domaj ki pa enpòtan, enkli bouton ki desere. Tout domaj ki pa twò enpòtan yo dwe repara nan lespas 30 jou.

### **Enspeksyon Pis Liy Prensipal CP – North Country**

Enspektè pis FRA ak NYSDOT yo te egzamine apeprè 80 kilomèt pis ak 23 bouton nan zòn liy prensipal CP ant Albany ak Whitehall e apati Plattsburgh pou rive nan fwontyè Kanadyen. Enspektè yo te jwenn de domaj enpòtan – sa ki gen ladan youn pou yon kantite boulon inadekwat nan yon jwen ray tren ak yon pwèn talon bouton ki pa ansekirite – sa yo te korije touswit. Enspektè yo te jwenn tou 24 domaj ki pa twò enpòtan sa ki gen ladan labou balas ak boulon ki desere. Tout domaj ki pa twò enpòtan yo dwe repara nan lespas 30 jou.

### **Dunkirk Rail Yard, Konte Chautauqua**

Enspektè pis FRA yo te egzamine pis nan lakou chemendefè CSX Durkirk nan Konte Chautauqua e yo te jwenn yon domaj enpòtan ray ki kraze. Yo te mete pis ki afekte a akote pou sèvis reparasyon ki annatant. Enspektè yo te jwenn tou 11 domaj sekirite ki pa enpòtan, sa ki gen ladan boulon ki manke oswa desere, pwèn arè bouton ak ba pou fèmèn jwenti.

### **Lakou Chemendefè Fwontyè-Buffalo, Konte Erie**

Yo te enspekte twa pis lwil brit kap fonksyone enkli 26 bouton nan Buffalo. Enspektè yo te jwenn yon domaj enpòtan ray kraze nan yon bouton ak 15 domaj ki pa enpòtan ki gen ladan boulon manke ak desere ak 1 ba jwen ki fann.

## **Enspeksyon Machin Tank**

### **Albany**

Nan Lakou Tren Kenwood nan Albany, enspektè ekipman tren yo te egzamine 170 DOT-111 machin sitèn lwil brit e yo te jwenn 12 domaj non kritik, enkli 7 soulye tren ki chire, kat wou ki andomaje, ak yon bwòch atikilasyon ki manke.

Enspektè materyèl danjere FRA yo te egzamine 308 DOT-111 machin sitèn lwil brit e yo te jwenn kat domaj ki pa enpòtan pou plaka ki domaje ak obstak sou rebò echèl yo.

### **Buffalo**

Nan lakou tren fwontyè nan Buffalo, enspektè ekipman tren yo te egzamine 106 DOT-111 machin sitèn lwil brit e yo te jwenn twa domaj enpòtan, sa ki gen ladan yon soudi ki fann, yon boulon ki manke ak yon montaj fren ki pa fonksyone. Yo te jwenn tou 16 domaj ki pa enpòtan sa ki gen ladan 5 fren ki andomaje, 3 goupify knuckle ki kraze, yon plak ize ki chire depase limit li, ak 7 aparèy sekirite ki andomaje.

FRA te enspekte 120 DOT-111 machin sitèn lwil brit pou materyèl danjere ki andomaje e yo te jwenn 6 domaj ki pa enpòtan, sa ki gen ladan materyèl plaka danjere ki chanje koulè.

Domaj machin sitèn ki pa kritik yo dwe fikse anvan tren an soti nan lakou a. Si sa pa posib, machin ki andomaje a pral soti nan lakou tren an pou rete tann reparasyon.

Depi kanpay enspeksyon sible a te kòmanse nan fevriye, NYSDOT ak patnè federal li yo te enspekte 7,368 machin tren (enkli 5,360 DOT-111 machin sitèn lwil brit) e 2,659 pis kilomèt, yo te dekouvri 840 domaj, e li te pibliye 12 vyolasyon materyèl danjere.

Ogmantasyon enspeksyon nan pis chemendefè yo ak machin sitèn yo se youn nan aksyon agresif eta New York te pran apre yon seri katastwòf andeyò eta ki gen ladan transpòtasyon lwil brit nan chan lwil Bakken ki santre nan Nò Dakota.

Nan kòmansman ane sa a, sou demann Gouvènè Cuomo, ajans yo nan eta te fè yon revizyon kowòdone sou pwosedi sekirite ak preparasyon repons ijans ki gen rapò a anbakasyon lwil nan Bakken kap ogmante prekse 1,000 kilomèt de Eta New York. Ajans yo te pibliye yon [rapò](#) nan mwa avril 2014 ki gen ladan 27 rekòmandasyon pou gouvènman eta, gouvènman federal ak endistri a pran pou redwi risk epi ogmante sekirite piblik nan transpòtasyon lwil brit.

Jiska dat, ajans eta yo te kòmanse aplike tout 12 rekòmandasyon gouvènman eta e yo te konplete senk. Spesyalman, Eta New York te pran 66 aksyon pou pi byen prepare sekouris eta ak lokal sizoka ta gen yon ensidan devèsman lwil brit jan li detaye nan yon [rapò](#) pwogrè ki te pibliye nan kòmnanman mwa sa a. Eta New York pral kontinye travay pou l aplike antyèman tout 12 rekòmandasyon yo.

Gouvènè Cuomo te anplwaye tou senk nouvo enspektè tren, k ap pran fòmasyon e yo pral sètifye ak travay nan chan nan kòmnanman ane pwochen. Nouvo enspektè yo pral pèmèt NYSDOT ogmante konsiderableman kantite enspeksyon yo.

Aksyon lòt eta yo gen ladan:

- Mande prese prese pou otorite federal yo revize espesifikasyon teknik yo epi akselere eliminasyon ansyen tren ki pa gen sekirite; aplike règ pi strik pou teste lwil brit; epi revize itinerè petwòl brit la pou garanti wout ki pi apwopriye yo;
- Bay kontravansyon pou konpayi ki pa respekte regleman eta a pou kounye a ki gen pou wè ak derayman; epi
- Mande otorite federal pou yo akcelere ak ranfòse nivo sekirite tren yo epi ogmante enspeksyon yo.

Repons Ijans Otorite ak eta te patisipe nan plis pase de douzèn egzèsis fòmasyon ane sa a pou pi byen prepare kominote nou yo pou potansyèl devèsman petwòl brit.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride